Dougou gui ndieuk ci program bi

Ngir nga dougou ci program bi ngay dougaléé ñaanoum aar gou lal adouna, da nga wara topp diéégo yi ñou lay léralal fi ci souf.

Waxtou wo soxlawé dougou ci program bi, di na laac diéégo 1 bi ak diéégo 2 bi.

MOYTOUL: BOU FÉKÉÉ NI AMAGOULO 18 att té andoulo ak mouskalaf bi la yoréé ci lou tégou ci yoonou Gréce, waroulo dougal ñaan guii. Ngir ñou yégali sa ñaan gui da nga waara diokoo ak diwaan gui war..

Diéégo1: identification

Niméro bi ngay diot balaa ngay dougal ñaanum asil	Bindal niméro bi ngay diot balaa ngay dougal asil, bi ñou la diwaan gui am ndombal tank gui war diox, té ñou bind ko ci keuyit gui la diwaangui am ndombal tank gogou diox.
Sant	Bindal ñaari (2) araf yi ndieuk ci sa sant bi, ci mbind mou reuy ak ay arafou faransé, ci ni nga ko dioxééwoon ci diwaan gui am ndombal tankou dieul say information ci bi ñou lay ndieuk enrégistré, manaam ni ñou ko bindé ci keuyit you officiél yi la diwaan gui am ndombal tank gui diox.
Tour	Bindal ñaari (2) araf yi ndieuk ci sa tour bi, ci mbind mou reuy ak ay arafou faransé, ci ni nga ko dioxééwoon ci diwaan gui am ndombal tankou dieul say information ci bi ñou lay ndieuk enrégistré, manaam ni ñou ko bindé ci keuyit you officiél yi la diwaan gui am ndombal tank gui diox.
Bessou dioudou	Bindal sa bessou dioudou ci ni nga ko dioxééwoon ci diwaan gui am ndombal tankou dieul say information ci bi ngay déf sa enrégistrement bou ndieuk bi. Bind ko ci anam guii bess/wéér/att, manaam bou déé 01 fevrié 2000 la da nga wara bind 01/02/2000 wala 1/2/2000
Niméro téléfone	Dougalal sa niméro téléfone portable bi nga beugg ñou yonéé la ci bénn code boo xamni bénn yoon la ñou ko meuna dieufandikoo, nguir nga meuna dougg ci fii ci program bi. Code bi ñou lay yonéé nak , moom ngay dieufandikoo ci diéégo 2 bi nguir nga yégali.
Nékkouma ap massin	Bindal yép yi ngay guiss ci nataal gui. Meun na am ay araf ak ay niméro. Bou déé diang mbind mi da fa diafé bessal fi ñou bind «Ανανέωση captcha».

Diéégo2: dougaloum code bi

Boo besséé **«dougg»** ci fi ngay défféé identification, bo défféé identificassion bi ba mou dialle, di na laac nga dougal codou 6 araf yi ngay menna dieufandikoo bénn yoon, bi nga diott ci niméro téléfone portable bi nga dougaloon ci diéégo 1.

diéégo3: LAKK

Boo dialalléé code bi nga xamni bénn yoon la ñou koy dieufandikoo ba noppi, Da nga wara tann **lakk** bi nga nara dieufandikoo fii ci program bi.

MOYTOUL: boo tannéé lakk gui dotoulo ko menna soppi. Bou fékéé ni da nga begga soppi lakk gui nga doon dougaléé sa ñaan gui, xamal ni lépp lo fi bindoon di na éfacéwou, té da nga léén wara bindaat